

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun kecap-kecap anu ngaliwatan prosés morfologis anu nyampak dina karangan siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2011/2012.

Dina data analisis nu aya, kapanggih 307 kecap anu ngaliwatan prosés morfologis, di antarana aya kecap rundayan anu diwangun ngaliwatan prosés ngararangkénan atawa disebut ogé prosés afiksasi, aya kecap rajékan anu diwangun ngaliwatan prosés ngarajék atawa disebut ogé prosés réduplikasi, sarta aya ogé kecap anu diwangun ngaliwatan dua prosés anu geus disebut, nya éta kecap rajékan binarung ngararangkénan.

Prosés afiksasi atawa ngararangkénan dina ieu panalungtikan bisa kapanggih dina unggal conto kecap rundayan anu nyampak dina karangan siswa, dimana aya 267 kecap (87,2%) anu kaasup kana kecap rundayan. Kecap rundayan anu aya disawang dumasar wanda rarangkénna, nya éta: (1) rarangkén hareup, (2) rarangkén tengah, (3) rarangkén tukang, (4) rarangkén barung, jeung (5) rarangkén gabung.

Rarangkén hareup anu dipaké dina data kecap dina ieu panalungtikan di antarana aya; (1) rarangkén hareup *di-* anu wangun dasarna bisa mangrupa kecap pagawéan, kecap sipat jeung kecap barang, (2) rarangkén hareup *ka-* wangun dasarna bisa mangrupa kecap pagawéan, kecap sipat, jeung kecap bilangan, (3) rarangkén hareup *N-* (*nasal*) wangun dasarna bisa mangrupa kecap pagawéan

jeung kecap sipat, (4) rarangkén hareup *sa-* wangun dasarna bisa mangrupa kecap pancén jeung kecap bilangan.

Prosés ngararangkénan tengah dina ieu panalungtikan nya éta ngawuwuhkeun rarangkén tengah *-ar-* kana wangun dasar anu mangrupa kecap barang jeung kecap sipat.

Rarangkén tukang anu aya dina ieu panalungtikan di antarana aya; (1) rarangkén tukang *-an* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan, kecap barang jeung kecap sipat, (2) rarangkén tukang *-eun* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap barang, (3) rarangkén tukang *-keun* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan, (4) rarangkén tukang *-na* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap barang.

Rarangkén barang anu aya dina ieu panalungtikan di antarana aya; (1) rarangkén barungan *ka--an* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap barang jeung kecap sipat, (2) rarangkén barungan *pang--na* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap sipat, (3) Rarangkén barung *pang--keun* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan.

Rarangkén gabung anu aya dina ieu panalungtikan di antarana aya; (1) rarangkén gabung *di- + -an* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan, kecap barang jeung kecap sipat, (2) rarangkén gabung *di- + -keun* anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan jeung kecap sipat, (3) rarangkén gabung *di- + pika-* anu diwuwuhkeun kana wangun

dasar anu mangrupa kecap sipat, (4) rarangkén gabung N- + -an anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan, kecap barang, jeung kecap sipat, (5) rarangkén gabung N- + -keun anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan, kecap barang jeung kecap sipat, jeung (6) rarangkén gabung pa- + N + -an anu diwuwuhkeun kana wangun dasar anu mangrupa kecap pagawéan.

Salian ti prosés ngararangkénan atawa afiksasi, kapanggih prosés morfologis lian, nya éta prosés ngarajék jeung prosés ngarajék binarung ngararangkénan.

Tina 20 kecap rajékan (6,5%) anu kapanggih dina karangan siswa, aya dua prosés ngarajék, nya éta ngarajék dwimurni jeung dwipurwa. Kecap rajékan dwimurni diwangun ngaliwatan pola: $\{(Rdm + -KP) \rightarrow KP\}$, $\{(Rdm + KS) \rightarrow KS\}$, $\{(Rdm + KB) \rightarrow KB\}$. kecap rajékan dwipurwa diwangun ngaliwatan pola: $Rdp + Kpan \rightarrow KB$.

Kecap lianna kaasup kana kecap rajékan binarung ngararangkénan. Kecap rajékan binarung ngararangkénan, kapanggih 20 kecap (6,5%), diwangun ngaliwatan sababaraha pola: $Rdm + -na$, $Rdm -an$, $di- + Rdm$, $di- + Rdr$, $Rdp + -an$, $ka- + Rdm$, $Rdp + -na$, $sa- + Rdy$.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan karangan éksposisi siswa kelas VII G SMP Negeri 3 Lembang, aya sababaraha saran anu hayang di tepikeun. Tujuan tina ieu panalungtikan ngan saukur ngadéskripsikeun kecap-kecap anu aya dina karangan éksposisi siswa, bakal leuwih hadé lamun diayakeun deui panalungtikan ngeunaan kasalahan siswa dina nulis kecap-kecap lantaran dina ieu panalungtikan téh kapanggih ogé sababaraha kecap anu masih kénéh salah.

Ieu panalungtikan ogé ngan saukur nalungtik kecap dumasar kana wangunna, jadi perlu diayakeun deui panalungtikan anu leuwih jembar.

